# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

रंगभरी एकादसी के अगिलहीं दिन्ने बनारस के मणिकर्णिका घाट पर चिता भसम क होली खेलल गइल। घाट पर धधकति चिता के बिच्चे होली के गीति पर थिरकत ढेरि संख्या में काशीवासी एक दूसरे के भसम लगा के होली खेललें। येह अद्‌भुत चिता भसम क होली देखे अउर एहमें सामिल होखे बदे दूर–दूर से लोगि बनारस पहुंचलें। काशी में ई रिवाज सदियन से चलत आ रहलि हौ। येह होली में भसम, चिता क राखी अउर गुलाल से जरत चिता के बिच्चे होली खेलल जाला। ई अइसन दिन होला जब महासमसान घाट पर गम के बिच्चे उत्सवो देखल जाला। मणिकर्णिका घाट पर कुछु लोगि भूत–पिसाच क भेस बना के होली खेलत रहलें त केहू डमरू के नाद पर थिरकत रहल। केहू मुहे पर राखी लगवले रहे त केहू चिता भसम से नहात देखल गइल। मसान होली सौ डमरू के निनाद के साथे सुरू भइल जेके देखे बदे घाट पर लाखों के संख्या में लोगि जुटलें। मान्यता हौ कि रंगभरी एकादसी पर गवना करा के लवटत के बाबा विश्वनाथ देवता लोगिन के साथे होली खेलले रहलें बाकिर भूत प्रेत अउर औघड़ छूटि गइल रहलें। येह नाते श्री काशी विश्वनाथ अगिला दिन्ने महासमसान में भूतन के साथे होली खेलले रहलें, तब्बे से मसाल होली क ई रिवाज चलल आवत हवे।

**********

प्रदेस क आठ लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र बदे सुरू भइल नामांकन के दुसरको दिन्ने ढेरि ओम्मेदवारन की ओरि से परसा लीहल गइल। पहिला फेरा में निर्वाचन बदे ओन्नइस अपरैल के ओट परी। नामांकन प्रक्रिया भिन्नहीं इग्यारह बजे से सुरू हो के तीनि बजे ले चली। नामांकन के दौरान आरओ–एआरओ कार्यालय में पांचे लोगिन के गइले क अनुमति होई।

पहिला दिन्न सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत में नामांकन प्रक्रिया सुरू भइल। येह लोकसभा सीटि में सात गो सामान्य सीटि हइनि ओहीं नगीना सीटि आरक्षित हौ। पहिला फेरा में परचा भरले क आखिरी तारीख सत्ताइस मार्च हौ। परचन क जांचि अट्ठाइस मार्च के होई अउर तीस मार्च के नांव वापस लिहल जा सके ला। पहिला फेरा क आठ लोकसभा क्षेत्रन में एक करोड़ तिरालिस लाख ओटर हवें। एहमें छिहत्तर लाख तेइस हजार पुरूस अउर सड़सठ लाख चउदह हजार महिला आ आठ सौ चउबीस थर्ड जेंडर ओटर हवें। येह फेरा में होखे वाले मतदान बदे कुलि सात हजार से बेसी मतदान केन्द्र अउर चउदह हजार आठ सौ बेयालीस मतदेय स्थल बनावल गइल हवे। चुनाव में खरचा क अधिकतम सीमा हर ओम्मेदवार पंचानबे लाख तय कइल गइल हौ।

**********

रामजन्म भूमि परिसर क भव्य मंदिर में विराजमान रामलला पहिली बेरि होली खेलिहें। एकरे खातिर भव्य आयोजन कइल जा रहल हौ। रामलला कचनार के फूल से बनल प्राकृतिक गुलाल से होखली खेलिहें। पौराणिक ग्रंथ के आधार पर कचनार त्रेताजुग में अवध क राज्य वृक्षो रहल।

**********

बदायूं में दुइ गो सग्ग भाइयन क बेरहमी से हत्या के बाद फरार चलि रहल दुसरका आरोपी जावेदो आजु बरेली के सेटलाइट बस स्टैंड से गिरफ्तार कइ लिहल गइल। जावेद, हत्याकांड के बाद से दिल्ली में रहल रहल अउर बरेली में सरेंडर करे आइल रहल। जनकारी सूचना पर बरेली पुलिस ओके गिरफ्तार कइ के बदायूं पुलिस के सउंपि लिहले हवे। पुलिस ओहसे पूछ–ताछ कइ रहलि हवे। जावेद क भाई साजिद क हत्याकांड वाले दिनवें इनकाउंटर हो चुकल हौ।

**********

रामपुर जिला क चरचित डूंगरपुर मामिला में पूर्व मंत्री आजम खान के सथहीं सज्जो आरोपियन के बरि कइ लिहल गइल हौ। इनकरा पे बारह मोकदिमा दरज भइल रहल जेहमें से एक मोकदिमा में सज्जो आरोपियन के पहिलहीं बरी कइल जा चुकल हौ जबकि दुसरका मामिला में आजम खान के सात सालि क सजा अउर आठ लाख रूपिया क जुरमाना लगावल जा चुकल हौ। आजम खान के सथहीं चारि लोगिन के एहमें सजा हो चुकल हौ जबकि येही मामिला में तीनि आरोपियन के बरि कइ इहिल गइल हौ। येही मामिला में आजु एगो अउरियो फैसिला आइल हौ, जेहमें उनकरे के सथहीं आठ लोगि आरोपी रहलें। येह मकानिन पर बुलडोजर चलववले के सथहीं घर में लूट–पाठ कइले क आरोप सामिल रहल। एकर सुनवाई जिला क एमपी–एमएलए सेसन कोर्ट में चलति रहे। कोर्ट में ई मामिला बिचाराधी रहल, जेहमें आजु फैसिला सुनावल गइल अउर आजम खान के सथहीं सज्जो आठ अरोपियन के बरि कइ दीहल गइल हौ।

**********

बुलंदसहर में भारतीय जनता पारटी क सदर विधानसभा क्षेत्र से विधायक प्रदीप चौधरी के कोविड प्रोटोकॉल आ आदर्स चुनाव संहिता क उल्लंघन कइले के मामिला में एमपी–एमएलए क बिसेस अदालति में गैर जमानती वारंट जारी कइल गइल हौ। अदालति ओन्तीस मार्च के विधायक के न्यायालय में हारिज भइले क आदेस दिहले हौ। सदर विधायक अदालति के तारीख पर नाहीं आवत रहलें, येही से उनके खिलाफ गैर जमानती वारंट जारी कइलस।

**********